



Swen timoun ak Sipò Fanmi DHSP Lotri Preskolè Kesyon Yo Poze Souvan

Kiyès ki kalifye pou patisipe nan Lotri Preskolè DHSP a?

Rezidan Cambridge yo ki gen timoun ki genyen laj kalifye ka patisipen nan Lotri Preskolè DHSP a. Pou lotri 2019 la pou enskripsyon ane lekòl 2020-2021 an, yo konsidere timoun ki gen dat nesans an 1ye avril 2016 - 1ye janvyè 2018 gen laj kalifye.

Kijan pou m patisipe nan Lotri Preskolè DHSP a?

Yo aksepte aplikasyon yo an oktòb pou pwochen ane lekòl la. Yo konsidere pitit ou a genyen laj kalifye pou enskripsyon preskolè lè li genyen ant 2 ane 9 mwa – 4 ane 5 mwa. **Pa egzanp, pou patisipe nan lotri oktòb 2019 la (pou enskripsyon ane lekòl 2020-2021 an), pitit ou a dwe genyen dat nesans li ant 1ye avril 2016 - 1ye janvyè 2018.**

Pou yo konsidere aplikasyon lotri w la konplè ou dwe soumèt dokiman ki vini annapre yo:

- **Aplikasyon Lotri Preskolè DHSP**
- **Prèv Salè ak Gwosè Fanmi:** Deklarasyon enpo ak 4 souch chèk pèman youn dèyè lòt (oswa dènye 30 jou yo) oswa lèt nenpòt avantaj w ap resevwa aktyèlman (TANF, SSI, SNAP, WIC, elatriye.)
- **Prèv Laj Timoun nan:** Sètifika nesans oswa paspò timoun nan
- **Prèv Adrès:** Kontra lokasyon, ipotèk, lèt founisè lojman, fakti sèvis piblik pou 2 dènye mwa yo oswa Fòm Doublaj

Ki kote mwen ka jwenn yon aplikasyon pou Lotri Preskolè DHSP a?

Aplikasyon Lotri Preskolè DHSP disponib nan adrès ki annapre yo:

- cambridgema.gov/DHSP
- finditcambridge.org
- DHSP: 51 Inman St., 3^{yèm} etaj, Cambridge, MA 02139
- Sant pou Fanmi yo: 70 Rindge Ave. (nan do bilding nan), Cambridge, MA 02140
- Sant Enskripsyon Elèv Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge): 459 Broadway, Cambridge, MA 02138

Ki kote mwen ka retounen aplikasyon pou Lotri Preskolè DHSP a?

An oktòb, ou ka retounen aplikasyon ak dokiman sipò yo an pèsòn nan adrès ki vini annapre yo:

- DHSP: 51 Inman St., 3^{yèm} etaj, Cambridge, MA 02139
- Sant pou Fanmi yo: 70 Rindge Ave. (nan do bilding nan), Cambridge, MA 02140
- Sant Enskripsyon Elèv Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge): 459 Broadway, Cambridge, MA 02138

Nou pa ka resevwa aplikasyon Lotri Preskolè DHSP sou fòm elektrwonik akòz enfòmasyon konfidansyèl ki genyen nan dokiman sipò yo.

Kijan mwen ka ogmante chans mwen pou m jwenn yon plas nan Preskolè DHSP?

Plis ou chwazi pwogram se plis ou genyen chans pou jwenn yon plas. Si genyen pwogram ou p ap ka voye pitit ou akòz lè oswa kote li twouve li a, tanpri pa chwazi yo. Si yo chwazi w pou yon plas nan yon pwogram ke w pa kapab voye pitit ou ladann, w ap pèdi plas ou a epi y ap mete w sou li atant pou lòt pwogram ou te chwazi yo.

Kilè m ap konnen si pitit mwen an gen yon plas nan Preskolè DHSP?

W ap konnen nan mwa desanm apre lotri a.

Si yo ofri m yon plas nan Preskolè DHSP, èske mwen bezwen konfime ke mwen vle enskri pitit mwen nan pwogram nan?

Wi. Si yo ofri w yon plas, ou dwe aksepte oswa refize plas la rive nan dat 31 janvyè. Si nou pa tande yon fanmi rive 31 janvyè, n ap ofri yon lòt timoun ki sou lis atant lan plas la.

Kijan n ap ranpli ouvèti mwatye ane pou ane lekòl 2019-2020 yo?

Nenpòt plas ki disponib pandan ane lekòl 2019-2020 an pral ranpli ak timoun ki gen laj kalifye ke nou te chwazi pou ane lekòl 2020-2021 an. Nou pral pran timoun anplis jan sa nesèsè nan lis atant koutèm nan pou ranpli plas disponib nan ane lekòl 2020-2021 yo pandan nou t ap ranpli plas disponib nan ane 2019 - 2020 yo.

Èske genyen preferans frè ak sè nan Lotri Preskolè DHSP a?

Frè ak sè timoun ki enskri nan youn nan pwogram Preskolè nou yo genyen priyorite nan moman lotri a, men yo pa gen garanti yon plas.

Èske mwen ka fè pitit mwen patisipe nan Lotri Preskolè DHSP si mwen se yon anplwaye Vil Cambridge oswa Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge), men mwen pa yon rezidan Cambridge?

Jan sa toujou fèt, rezidan Cambridge yo se pi gwo priyorite nou. Pou enskripsyon lotri 2019 la, pou ane lekòl 2020-2021 an, anplwaye Vil Cambridge ak Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge) ki pa rezidan Cambridge pral kapab patisipe nan lotri a. Y ap re-evalye kapasite anplwaye Cambridge ak Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge) ki pa rezidan Cambridge chak ane avan lotri a. Nan

plas prèw adrès la anplwaye Cambridge ak Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge) ki pa rezidan Cambridge ta dwe bay prèw anplwa.

Kisa mwen ta dwe fè, si yo mete mwen sou lis atant Lotri DHSP a?

Ofiramezi ap genyen plas disponib, n ap kontakte fanmi ki nan lis atant yo pou ofri yo yon plas disponib. Lis atant lan ap rete anplas jiskaske nou kòmanse aksepte aplikasyon pou pwochen lotri a (oktòb lòt ane a). Nan oktòb lòt ane a, lis atant lan ap ekspire epi fanmi ki genyen timoun ki toujou kalifye yo gendwa patisipe nan lotri a ankò pou lòt ane enskripsyon an.

Si w bezwen èd pou w jwenn yon pwogram altènatif, genyen resous ki annapre yo pou w jwenn preskolè:

- Find It Cambridge (Jwenn Li Cambridge): finditcambridge.org oswa 617-652-5232
- Birth to 3rd Partnership (Patenasya depi nesans rive 3 ane): cpsd.us/departments/b3 oswa 617-349-6554
- Department of Early Education and Care (Depatman Edikasyon ak Swen Prekòs): eeclead.force.com/EEC_ChildCareSearch
- Sant pou Fanmi yo: 617-349-6385

Konbyen sa koute pou enskri nan yon Preskolè DHSP?

Frè lekòl Preskolè sou yon echèl varyab sou baz salè. Yo pibliye echèl la chak ane ansanm ak materyèl Lotri Preskolè DHSP yo.

Nan Department of Human Service Programs (Depatman Pwogram Sèvis Moun), n ap fè anpil efò pou rann pwogram nou an aksesip pou tout fanmi Cambridge yo. Nou aksepte bon epi nou ofri asistans frè lekòl enpòtan pou fanmi ki kalifye yo. Kantite montan asistans yon fanmi resevwa baze sou salè brit fanmi an, gwosè fwaye a, ak difikilte pèsònèl.

Pou ane lekòl 2020 – 2021 frè lekòl nou yo se:

Salè Brit Fanmi an	Tarif Frè Lekòl Pa Jou	Tarif Frè Lekòl Pa Semèn	Tarif Mwayen Pa Mwa**
\$204 001 – pi wo	\$78.46	\$392.30	\$1,726.12*
\$153 001- \$204 000	\$62.77	\$313.85	\$1,380.12*
\$122.401- \$153.000	\$47.08	\$235.40	\$1,035.12*
\$102.001- \$122.400	\$37.66	\$188.30	\$1,726.12*
\$0- \$102.000	Baz tarif kotidyen pou frè lekòl se \$37.66. Tout fanmi ki genyen yon Salè Brit Fanmi ant \$0 - \$102,000 pral kalifye pou asistans frè lekòl. Kantite montan asistans yon fanmi resevwa baze sou salè brit fanmi an, gwosè fwaye a, ak difikilte pèsònèl.		

*Tarif pa mwa a ka varye soti nan yon mwa ale nan yon lòt sou baz kantite jou faktirab pa mwa. Kalkil nou pou mwayèn tarif pa mwa baze sou 22 jou faktirab.

Kijan pou m aplike pou yon bous?

Ou pa bezwen ranpli ankenn papye anplis! Nou sèvi ak tout dokiman yo soumèt pou patisipe nan lotri a pou kalkile tarif ki gen ladann asistans frè lekòl.

Si mwen ta dwe peye pi wo tarif la, èske mwen bezwen soumèt prèv salè ak gwosè fanmi?

Si salè w tonbe nan nivo ki pi wo a, ou p ap bezwen pwouve salè oswa gwosè fanmi. Sepandan w ap toujou bezwen pwouve laj timoun nan ak adrès li.

Kisa lè operasyon Preskolè DHSP yo ye?

Tout Preskolè DHSP yo fonksyone pandan 12 mwa nan pane a epi 5 jou pa semèn (Lendi – Vandredi). Preskolè Haggerty, Kennedy/Longfellow, M.L. King ak Windsor fonksyone soti 7:30 è maten – 5:30 aprèmidi, Preskolè King Open, Morse ak Peabody fonksyone soti 8 è maten – 6 è aprèmidi.

Èske genyen plas tan pasyèl nan Preskolè DHSP?

Nou pa ofri plas tan pasyèl nan ankenn pami pwogram nou yo. Tout plas yo se pou 5 jou pa semèn ak ak 12 mwa pa ane.